

---

# Manyèl sou Tretman Egal Ego

---

2008 – 2010

---



**Lekòl Leta nan Depatman Polk la**

---

# Manyèl sou Tretman Egal Ego

---

## 2008 – 2010

---

Yo pibliye dokiman sa a pou gide w nan demach w'ap mennen pou pote plent kont diskriminasyon ak pèsèkasyon, dapre Lwa sou Tretman Egal Ego nan Lekòl nan Florid, Seksyon 1000.05, Lwa nan Florid epi dapre Regleman Ledikasyon Direksyon Jeneral Lekòl nan Eta a, 6A-19.001 – 6A-19.010.

W'ap ka jwenn aksè nan Manyèl sou Tretman san Patipri a tou nan sit entènèt Lekòl nan Depatman Polk la ki se [www.polk-fl.net](http://www.polk-fl.net). Manyèl sa a pibliye nan lang Angle, Espanyòl ak nan lang Kreyòl Ayisyen, li nan entènèt la epi nan lekòl ou ye a oswa nan depatman distri a.

---

Lekòl Piblik nan Depatman Polk  
Sèvis Resous Imèn  
1915 South Floral Avenue, Building B  
Bartow, FL 33831

863-534-0513  
863-534-0781

[www.polk-fl.net](http://www.polk-fl.net)

Ofisyèl sou Ekite ak Respè  
Sèvis Kliyan yo

---

# **Manyèl sou Tretman Egal Ego 2008-2010**

---

## **Lekòl Leta nan Depatman Polk la**

### **Manm Direksyon Jeneral la**

Frank J. O'Reilly – Distri 1  
Lori Cunningham – Distri 2  
Hazel Sellers – Distri 3  
Brenda C. Reddout, Ph.D. – District 4  
Kay Fields – Distri 5  
Margaret Lofton – Distri 6  
Tim Harris – Distri 7

### **Sipèentandan Lekòl yo**

Gail F. McKinzie, Ph.D.

### **Asistan Sipèentandan Lekòl yo**

#### **Sèvis Resous Imèn**

Ron Ciranna, J.D.

## **Ofisyèl sou Tretman Egal Ego ak Pou Respè Prensip**

Patricia W. Hunter  
Sèvis Rekou pou Moun

Misyon Lekòl Leta nan Depatman Polk la yo se garanti experyans egzat epi kòrèk k'ap pèmèt elèv nou yo bay randman kalite siperyè.

Lekòl Depatman Polk la yo – Yon enstitisyon ki bay moun menm chans pou jwenn Ledikasyon ak Travay

---

## Tab Matyè

---

	Paj
Entwodiksyon nan Manyèl sou Tretman Egal Ego a	1
Entèdiksyon Diskriminasyon/ Pèsekisyon	2
Kontakte Lekòl Piblik Depatman Polk la Sou Tretman Sanpatipri	3
Lòt Rekou	5
Biwo Dwa Sivil Regleman Direksyon Jeneral Lekòl nan Depatman Polk la Konsènan	6
Diskriminasyon ak Pèsekisyon	7
Mwayen Elèv kapab pote Plent	11
Mwayen Anplwaye kapab pote Plent	13
Fòm pou Pote Plent sou Koze Tretman Sanpatipri	15

---

## Entwodiksyon nan Ekite ak nan Manyèl Ekite a

---

Direksyon Jeneral Lekòl nan Depatman Polk la nan Florida, fikse prensip ki pa pèmèt diskriminasyon ak pèsekisyon nenpòt elèv ak nenpòt anplwaye oswa nenpòt moun k'ap travay nan Direksyon sa a kont kèlkeswa elèv ak kèlkeswa anplwaye a. **Bwochi sou Trètman san Patipri a:**

1. Fè referans regleman sou tretman sanpatipri ak san diskriminasyon pou ou, pèsonèl travay ou, elèv ak paran yo.
2. Ba w detay sou kouman pou w fè plent kont diskriminasyon ak pèsekisyon.
3. Idantifye administratè yo deziyen nan lekòl Depatman Polk la pou w pote plent sou diskriminasyon ak pèsekisyon.
4. Idantifye biwo Eta ak biwo federal ki resevwa plent sou diskriminasyon ak pèsekisyon.

Ofisyèl sou Tretman Egal Ego ak respè Prensip la gen biwo li nan Sèvis Resous Imèn. **Wòl li se:**

1. Sèvi kòm kontak pou anplwaye ak elèv pote plent kont diskriminasyon ak pèsekisyon.
2. Ede administratè ak ekip distri a nan Mennen ankèt plent yo pote sou koze diskriminasyon ak pèsekisyon.
3. Kòdone e kontwòle si yo respekte dwa moun dapre prensip nan distri lekòl la.
4. Rasire li si yo respekte regleman ak demach pou pote plent kont diskriminasyon ak pèsekisyon.

**Administratè ki nan lekòl ak Biwo Distri a dwe konnen e pataje enfòmasyon sa yo ak manm ekip lekòl la e ak elèv y'ap dirije yo.**

1. Y'ap envestige tout plent sou diskriminasyon ak pèsekisyon (Regleman Direksyon Jeneral la).
2. Yo pa dwe fè revanj sou okenn moun ki pote plent.
3. Fòmasyon se kle pou diminye kantite plent y'ap fè sou diskriminasyon ak pèsekisyon.
4. Yon rezime tout plent sou diskriminasyon ak pèsekisyon (menm si li rezoud kote sa te fèt la) dwe al jwenn ofisyèl Ekite ak pou respè Prensip pou l chache rezon yo.
5. Lalwa mande pou tout enfòmasyon sou diskriminasyon ak pèsekisyon rete sekrè.
6. Si ankèt montre plent yo pote sou diskriminasyon ak pèsekisyon yo fonde, y'ap pran sanksyon kont moun ki koupab la, tankou men se pa sa sèlman: avètisman, blam, sispansyon oswa mete fen nan sèvis li, dapre regleman Direksyon Jeneral Lekòl nan Depatman Polk la, ki gen ladann Kòd Konduit Elèv yo.
7. Yo bay chak lekòl ak biwo distri yon kopi nan Manyèl Tretman Sanpatipri a nan lang Angle, Kreyòl Ayisyen ak Espanyòl. Gen yon vèsyon gid sa a tou nan sit entènèt distri a nan chak lang sa yo, nan Quick Links, Equity & Compliance.

---

## Entèdiksyon Diskriminasyon

---

Direksyon Jeneral Lekòl nan Kanton Polk la, Florida, Règleman 6Gx53-1.011

Yo pa dwe entèdi okenn anplwaye, okenn elèv, okenn kandida jwenn yon plas lekòl, oswa moun k'ap aplike pou travay patisipe nan pwogram edikatif, aktivite, sèvis, oubyen nan nenpòt aktivite sou anplwa, prensip oswa pratik Lekòl Piblik Depatman Polk la ap òganize, moun sa a pa dwe sibi diskriminasyon oswa pèsèkisyon sou baz ras, koulè, kote li fèt, si li se fi oswa gason, lang li pale, si li gen kote pou w rete ou non, si li andikape, si li marye ou non, laj li, relijyon li, oswa nenpòt lòt baz lalwa entèdi.

Y'ap voye premye anons e y'ap kontinye voye anons plan sa a, epi y'ap di kilès Ofisyèl sou Tretman san Patipri a ye, adrès li, nimewo telefòn li bay anplwaye, aplikan pou travay (moun k'ap chache travay), kandida pou admisyon, elèv, paran, piblik la an jeneral; y'ap itilize divès mwayen pou fè anons yo, tankou seyans fòmasyon (oryantasyon) chak semèn pou nouvo anplwaye, pèsònèl, manyèl, manyèl sou Tretman Egal Ego a, bilten distri a, nan pòs travay, nap aplikasyon pou jwenn travay epi nan Kòd Konduit elèv yo.

Tout plent sou diskriminasyon ak pèsèkisyon dwe al jwenn ofisyèl Ekite ak pou Respè prensip la nan adrès sa a:

Patricia W. Hunter  
Ofisyèl sou Ekite ak Prensip  
Sèvis Resous Imèn  
1915 South Floral Avenue  
Post Office Box 391  
Bartow, FL 33831  
**Telefòn:** 863-534-0513  
**Fax:** 863-534-0737  
**E-mail:** [patricia.hunter@polk-fl.net](mailto:patricia.hunter@polk-fl.net)

REMAK: Pou rann demach fè plent yo fasil pou anplwaye ak elèv, Kontak Sanpatipri yo, ki gen non yo pi ba a, epi **direktè lekòl yo** kapab resevwa plent sou diskriminasyon ak pèsèkisyon tou. **Nenpòt ladan yo ki resevwa plent ap gen pou l voye yon kopi ekri plent la bay Ofisyèl distri a ki responsab koze Sanpatipri ak Respè prensip la, Sèvis Resous Imèn.**

---

## Kontak Sanpatipri

---

Plent ki gen pou wè aTit II—Lwa Konsènan Ameriken ki Enfim (ADA), Tit IX— Lwa sou Diskriminasyon dapre Sèks nan Pwogram Edikasyon, Lwa sou Diskriminasyon dapre Laj nan bay Travay, Lwa San Patipri nan Edikasyon nan Florid, Seksyon 1000.05, Lwa nan Florid ak Regleman Ledikasyon Direksyon Eta a 6A-19.001 – 6A-19.010, Tit VII Lwa sou Dwa Sivil, epi keksyon sou Opòtinite Egal pou Travay (EEO) , plent sa yo pral jwenn:

- Patricia W. Hunter  
Equity & Compliance Officer  
Human Resource Services  
1915 South Floral Avenue  
Bartow, FL 33831  
Telefòn: 863-534-0513  
[Patricia.hunter@polk-fl.net](mailto:Patricia.hunter@polk-fl.net)

**Lwa Ledikasyon pou Moun ki Enfim (IDEA) oswa Seksyon 504 Lwa Reyabilitasyon 1973:**

- Norma Hayes  
Exceptional Student Education  
Bartow Municipal Airport #270  
Bartow, FL 33830  
Telefòn: 863-534-0930  
[Norma.hayes@polk-fl.net](mailto:Norma.hayes@polk-fl.net)

**Elèv ki gen plent oswa keksyon ki gen rapò ak ekite epi ak aksè nan pwogram lekòl:**

- Linda Troupe  
Student Services  
Bartow Municipal Airport #270  
Bartow, FL 33830  
Telefòn: 863-534-0928  
[Linda.troupe@polk-fl.net](mailto:Linda.troupe@polk-fl.net)

Kandida pou Admisyon:

**Lekòl Magnet/Choice/Charter:**

- Carolyn Finch  
School Choice  
1915 South Floral Avenue  
Bartow, FL 33830  
Telefòn: 863-534-0631  
[Carolyn.finch@polk-fl.net](mailto:Carolyn.finch@polk-fl.net)

**Lekòl Pwofesyonèl yo:**

- Kenneth Lloyd  
Traviss Career Center  
3225 Winter Lake Road  
Lakeland, FL 33803  
Telefòn: 863-499-2700  
[Kenneth.lloyd@polk-fl.net](mailto:Kenneth.lloyd@polk-fl.net)

Lisa Harden  
Ridge Career Center  
7700 State Road 544  
Winter Haven, FL 33881  
Telefòn: 863-419-3060  
[Lisa.harden@polk-fl.net](mailto:Lisa.harden@polk-fl.net)

Revandikasyon/Plent (Koze sendika) ki gen rapò ak travay:

**Anplwaye:**

- José Farinas  
Employee Relations  
Human Resource Services  
1915 South Floral Avenue  
Bartow, FL 33830  
Telefòn: 863-534-0731  
[José.farinas@polk-fl.net](mailto:José.farinas@polk-fl.net)

**Kandida pou Travay:**

- Ron Ciranna, J.D.  
Assistant Superintendent  
Human Resource Services  
1915 South Floral Avenue  
Bartow, FL 33830  
Telefòn: 863-534-0729  
[Ron.ciranna@polk-fl.net](mailto:Ron.ciranna@polk-fl.net)

---

## Lòt Rekou

---

- **The Florida Commission on Human Relations**  
2009 Apalachee Parkway, Suite 100  
Tallahassee, FL 32301  
Telefòn: 800-342-8170 or 850-488-7082
- **Florida Education Standards Commission (ESC)**  
Florida Department of Education  
Turlington Building, Suite 224  
325 West Gaines Street  
Tallahassee, FL 32399-0400  
Telefòn: 850-245-0441
- **Office of Equity and Access**  
Florida Department of Education  
Turlington Building, Suite 1446  
325 West Gaines Street  
Tallahassee, FL 32399-0400  
Telefòn: 850-845-0511
- **Equal Employment Opportunity Commission (EEOC)**  
Tampa Field Office (includes Polk County)  
501 East Polk Street  
10 th Floor  
Tampa, FL 33602  
Telefòn: 813-228-2310
- **U. S. Equal Employment Opportunity Commission (EEOC)**  
Miami District Office  
1 Biscayne Tower, Suite 2700  
2 South Biscayne Boulevard  
Miami, FL 33131-1805  
Telefòn: 305-536-4491
- **Office for Civil Rights**  
U. S. Department of Education  
61 Forsyth Street S.W., Suite 19T70  
Atlanta, GA 30303-3104  
Telefòn: 404-562-6350  
TDD: 404-331-7236  
E-mail: [OCR\\_Atlanta@ed.gov](mailto:OCR_Atlanta@ed.gov)
- **Office for Civil Rights**  
U. S. Department of Education  
Customer Service Team  
550 – 12<sup>th</sup> Street S.W.  
Washington, DC 20202-1100  
Telefòn: 800-421-3481  
FAX: 202-245-6840; TTD: 877-521-2172; E-mail: [OCR@ed.gov](mailto:OCR@ed.gov)

Si w bezwen èd konsènan **Biwo Dwa Sivil yo (OCR)**, kontakte biwo ki la pou fè respekte prensip yo si w ta vle pote yon plent (oswa itilize fòm pou pote plent ki sou entènèt la), oswa si w bezwen èd teknik konsènan yon pwoblèm oswa si w bezwen asistans pou w anpeche pwoblèm dwa sivil, oswa si w gen kaksyon sou regleman nasyonal yo. Pou w fè yon demann Libète sou Enfòmasyon pou enfòmasyon ki nasyonal yo, oswa pou fè demann piblikasyon, oswa lòt èd ki pa disponib sou entènèt la, itilize sit entènèt OCR ki se [www.ed.gov](http://www.ed.gov). Fòm plent sou entènèt la, w'ap jwenn li nan [www.ed.gov/about/offices/list/ocr/complaintintro.html](http://www.ed.gov/about/offices/list/ocr/complaintintro.html).

Akoz chanjman yo sot fè nan lapòs yo, tan lapòs pran pou remèt lèt yo vin pi long. Yo ankouraje elèv ak paran, reprezantan lekòl ak lòt kliyan OCR yo pou yo kontakte OCR nan e-mail oswa fax pou kominike lè sa posib. Pou moun kip a gen kont e-mail, y'ap jwenn aksè nan entènèt gratis nan bibliyotèk ki pi pre yo, e gen anpil gwo enstitisyon ki bay kont e-mail gratis. Pi wo a, yo bay nimewo Fax ak adrès e-mail pou chak biwo OCR.

---

# Règleman Lekòl la sou Tretman Egal Ego ak Pèsekisyon

---

Direksyon Jeneral Lekòl nan Depatman Polk, Florida, Règleman 6Gx53-1.006

## I. DISKRIMINASYON AK PÈSEKISYON

### A. Regleman ki Deklare

Direksyon Jeneral Depatman Polk la nan Florida entèdi e pran angajman aklè pou l anpeche diskriminasyon oswa nwizans kont nenpòt moun, tankou anplwaye, moun k'ap aplike pou travay oswa elèv, sou baz sèks, ras, peyi kote moun soti, lang moun pale, koulè moun, si moun marye ou non, moun ki pa gen kay pou yo rete, oswa moun ki enfim, oubyen lòt motif lalwa defann. Se yon dwa tout moun k'ap fè yon travay kèlkonk nan Direksyon Jeneral la genyen pou yo travay nan yon anviwonman ki pa gen diskriminasyon ak nwizans. Direksyon an pap tolere okenn anplwaye li oswa okenn elèv li oubyen volontè k'ap ede yo e k'ap travay sou kontwòl lekòl yo fè agresyon seksyèl, rasyal oswa agresyon sou moun ki andikape.

### B. Rezon

Ensidan ki gen pou wè ak diskriminasyon entolerab oswa anbètman moun k'ap travay nan Direksyon Jeneral la, elèv oubyen nenpòt moun ki nan yon aktivite kèlkonk nan Direksyon Jeneral la ta tolere oswa ta komèt, bagay sa a menase sekirite ak byennèt non sèlman moun ki viktim nan, men tou sekirite ak byennèt chak grenn moun ki gen enterè nan lekòl nou yo. Vye zak sa yo va fè tout moun kwè sistèm lekòl nou yo, non sèlman yo pa aksepte zafè menm avantaj ak menm tretman pou chak moun dapre lalwa, men tou ya konprann nou pa mande pou moun respekte règ jwèt sa yo. Pou rezon sa yo, Direksyon Jeneral la pran mezi sa yo kòm angajman pou li mande e pou li rasire li tout aktivite k'ap fèt nan Direksyon Jeneral la rive fèt san nwizans oswa diskriminasyon entolerab kont yon moun kèlkonk.

### C. Aplikasyon

An rekonesans enpòtans Direksyon Jeneral la bay regleman sa a, nenpòt moun yo ta gen prèy ki vyole regleman sa yo, y'ap konsidere sa kòm yon vyolasyon grav, e y'ap pran sanksyon kòm sa dwa kont moun sa a. Yo swete e yo mande tout administratè, tout manadjè ak sipèvizè pou yo asire yo moun yo respekte epi pliye anba tout sa ki di nan regleman sa yo.

## II. Definisyon

**A. Diskriminasyon** (prejije) se yon konpòtman ki anpeche moun ki viktim nan jwenn chans pou l jwenn travay, pou l patisipe nan pwogram oswa aktivite edikatif, nan aktivite Direksyon Jeneral la oubyen lòt lekòl ap òganize, oswa nan nenpòt lòt aktivite Direksyon Jeneral la ap fè, prejije ki fèt sou baz ras, koulè, peyi moun fèt, lang moun pale, moun ki pa gen kote pou yo rete, sèks (gason ou fi), andikap, si yon moun marye ou non, laj, relijyon, oubyen nenpòt lòt baz lalwa entèdi.

**B. Pèsekisyon** se yon konpòtman yon moun oubyen you gwoup moun genyen kont yon lòt moun oubyen yon relijyon, oswa nenpòt lòt baz lalwa entèdi ki sevè, pèsistan, k'ap repete, ki tèlman fè viktim nan mal jiskaske li pa kapab fè travay li kòm sa dwa, li pa kapab patisipe nan pwogram edikatif, nan aktivite lekòl la ap

sipòte, oubyen nan nenpòt lòt aktivite distri lekòl la ap òganize, jan yo defini sa nan plis detay pi lwen la a.

**C. Pèsekisyon Seksyèl** se fòse moun pou fè sèks, mande moun favè seksyèl, epi di lòt pawòl deplase ki gen rapò avèk sèks, fè vye jès seksyèl devan yon moun menm si ou pa pale, montre moun bagay ki ekri oswa desen sou zafè sèks, fè jès ki gen karaktè seksyèl avèk kò ou; se pèsekisyon seksyèl yo ye lè:

1. Yo obeyi konduit sa yo, swa ouvètman oswa komplètman, ki angaje yon limit oswa yon kondisyon travay, ledikasyon yon moun oswa patisipasyon li nan aktivite Direksyon Jeneral la.
2. Yo sèvi ak konduit sa a kòm baz pou bay travay oswa pou yo pran desizyon akademik lè yon moun obeyi oswa rejte òf (avantaj) seksyèl la.
3. Lè yon moun viktim vye konpòtman sa a, li pa ka bay randman nan travay li oswa lekòl li, oubyen vye konpòtman sa a kreye yon anvivonman (nan lekòl oswa nan travay) ki gen entimidasyon, ki agresif oswa ki degoutan.
4. Jan yo defini li pi wo a, agresyon seksyèl kapab gen ladann, men sepa sa sèlman:
  - a. agresyon oswa abi vèbal, jès, desen ak bagay ki ekri.
  - b. Bay moun presyon pou fòse l fè bagay avè ou.
  - c. Fè moun remak sou remak sou zafè sèks oswa rabese mou nan, kidonk montre l li pa anyen pase sa.
  - d. Touche moun nan kote ou pat dwe touche li san li pa vle.
  - e. Fè moun avans seksyèl ak menas si li pa aksepte li kapab pèdi travay li.
5. Se agresyon seksyèl lè yon anplwaye oswa yon volontè nan Direksyon Jeneral la ap sèvi ak otorite li genyen pou li mande moun ki anba li yo oswa elèv favè seksyèl, tankou men se pa sa sèlman, ensidan kote si sibaltèn nan oswa elèv la ta refize, enben moun sa a ki sou tèt li a k'ap mande l fè bagay la kapab sere boulon l, oubyen lè sibaltèn nan oswa elèv la obeyi an silans, lè sa a chèf la ap gen preferans pou li.

**D. Pèsekisyon Rasyal** se yon konpòtman vèbal, jès, desen, sa yo ekri oswa konpòtman fizik ki denigre oswa ki montre rayizans oswa degoutans yon moun genyen kont nenpòt moun sou baz ras, lè konpòtman sa a kreye kraconnaj oswa kreye laperèz pou moun nan lekòl li oswa nan travay li; oubyen lè konpòtman sa a anpeche moun nan bay randman nan travay li oswa nan lekòl li.

Egzanp pèsekisyon rasyal, kapab gen ladann, **men se pa sa sèlman**, konpòtman sila yo ki chita sou zafè ras:

1. Etikèt (vye non) ak insil
2. Etikèt negatif (di moun nan sa li pa ye)
3. Zak ki gen menas, kraconnaj, agresivite
4. Materyèl ekri oswa imaj ki montre konpòtman agresif oswa rayizans yon moun gen kont yon lòt moun oubyen kont yon gwoup moun
5. Se pèsekisyon rasyal lè yon anplwaye Direksyon Jeneral la, yon volontè oswa yon elèv kreye oswa responsab anbyans agresyon rasyal nan lekòl , kidonk konduit agresif ki rès oswa ki pèsistan jiskaske l anpeche anplwaye a oswa elèv la patisipe oubyen jwenn avantaj nan sèvis, aktivite oubyen opòtinite Distri a bay.

- E. Pèsekisyon kont Moun ki Enfim** fèt nan bouch, li fèt pa ekri, nan imaj, nan jès ak kò, oubyen nenpòt jès ki gen pou wè avèk moun ki andikape, ki ase di, pèsistan jiskaske l anpeche andikape a patisipe oswa jwenn avantaj nan pwogram oubyen aktivite distri ap òganize; pèsekisyon ki anpeche yon anplwaye bay randman nan travay li, oswa ki kreye entimidasyon, agresivite oswa degoutans nan lekòl la oubyen nan travay la.

Egzanp pèsekisyon kont moun ki andikape kapab genyen bagay ki sanble ak sa moun ki andikape a genyen, tankou, **men se pa sa sèlman**:

1. Imite (chare) fason moun ki andikape a ap pale
2. Itilize ekipman pou charade enfim nan
3. Kole vye etikèt, vye modèl sou moun enfim nan
4. Menas, entimidasyon oswa agresión
5. Bagay ekri oswa imaj ki montre degoutans (repiyans) oubyen agresivite kont yon moun ou kont yon gwoup moun ki andikape.
6. Se pèsekisyon kont moun ki enfim lè yon anplwaye oswa yon volontè ki pa anplwaye Direksyon Jeneral la ap chache mele yon elèv oubyen yon anplwaye ki enfim nan yon aktivite ki pa sosyal, ki danjre oswa ki kriminèl, kote akòz enfimite elèv sa a oswa anplwaye sa a, li pa menm kapab konprann aktivite sa a, alewè pou l ta dakò ak kalite aktivite sa a.

### III. ETAP POU SUIV.

**Nenpòt moun ki pote akizasyon sou zafè vyolasyon regleman sa yo kapab suiv demach pi ba yo pou pote plent.**

- A. Anplwaye.** Nenpòt moun ki akize nenpòt manm nan ekip k'ap travay nan Direksyon Jeneral la sou zafè pèsekisyon oswa diskriminasyon, li kapab itilize Demach pou Pote Plent sou zafè Tretman san Patipri nan lekòl la, oswa li kapab pote plent lan dirèkteman nan direksyon lekòl la, oswa li kapab fè plent lan bay Ofisyèl ki responsab zafè Trete tout moun egal la. Si se administraytè a oswa sipèvizè a ki koyupab, plent lan dwe al jwenn moun ki sou tèt yo a osinon Ofisyèl ki responsab zafè trete tout moun egal la.

- Manyèl Ekite a: Angle, Espanyòl, Kreyòl Ayisyen
- Fòm pou Pote Plent sou Ekite
- Plent ki fèt yo dwe al jwenn

Patricia W. Hunter Equity & Compliance Human Resource Services Lekòl Leta nan Depatman Polo la 1915 South Floral Avenue P.O. Box 391 Bartow, FL 33831 Telefòn: 863-534-0513 E-mail: <a href="mailto:patricia.hunter@polk-fl.net">patricia.hunter@polk-fl.net</a>	Fax: 863-534-0737
------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------	-------------------

- B. Elèv.** Nenpòt elèv ki akize yon lòt elèv, yon anplwaye oswa yon volontè nan zafèpèsekisyon oswa diskriminasyon, li kapab itilize demach ki nan Kòd Konduit Elèv yo pou li pote plent, oswa li ka fè plent lan dirèkteman nan direksyon lekòl la oubyen li ka fè plent lan bay Ofisyèl ki responsab zafè trete tout moun egal la.

- C. Pa Tire Revanj.** Pote yon plent oswa yon rapò sou diskriminasyon/pèsekisyon pa gen okenn efè sou sitiyasyon moun ki pote plent sa a, sou travay li gen pou l jwenn, sou pwomosyon li gen pou l pran, sou aktivite l'ap fè ki pa nan lekòl, ni sou travay l'ap fè. Yo pap tolere revanj yon moun ta tire sou yon moun ki ta pote plent kont diskriminasyon ak tout bòn fwa li, oubyen ki ta kolabore nan yon ankèt y'ap mennen sou sa, e revanj sa a nan li menm ap lakòz yo pran sanksyon kòm sa dwa kont moun ki fè li a.
- D. Gade Sekrè.** Dapre responsablite Direksyon Jeneral la, dwa pou gade sekre ni pou moun ki pote plent lan, ni pou moun yo pote plent kont li a, ap respekte, avèk nesosite pou mennen ankèt sou move konpòtman yo rapòte yo, epi pran sanksyon kòm sa dwa si ankèt la konfime (revele) te genyen diskriminasyon/pèsekisyon vre.
- E. Chache Prèv.** Pou kapab jwenn si sa ki rapòte a se pèsekisyon li ye vre, yo pral mennen ankèt sou tout sikonstans yo, sou kalite konpòtman an, epi nan ki sikonstans sa te rive. Sipèntandan an oswa moun yo deziyen pou sa, gen responsablite pou mennen ankèt epi pou rezoud plent yo pote sou zafè diskriminasyon/pèsekisyon.
- F. Akizasyon ki gen Prèv.**
1. Anplwaye. Lè yo gen prèv se yon anplwaye k'ap travay nan Direksyon Jeneral la ki koupab, y'ap konsidere se yon vyolasyon ki grav e y'ap pran sanksyon disiplinè kòm sa dwa kont anplwaye sa a, tankou men se pa sa sèlman, blamen li, sispann li pou yon ti tan oswa mete fen na sèvis li, selon etap regleman yo.
  2. Elèv. Lè yo gen prèv se yon elèv ki koupab, y'ap konsidere sa kòm yon vyolasyon grav e y'ap pran sanksyon disiplinè kòm sa dwa kont elèv sa a, ki ka gen ladann sispann elèv la pou yon ti tan oswa mete li deyò nan lekòl la, selon sa ki di nan Kòd Konduit Elèv yo.
  3. Si se lòt Moun ki Koupab. Nenpòt moun ki ap fè yon aktivite kèlkonk nan Direksyon Jeneral la, ki pa anplwaye oswa elèv, ki ta angaje li nan vyole regleman sa yo, ofisyèl Direksyon Jeneral ki responsab la ap prese pran mezi kont moun sa a, tankou prese wetire li nan travay li t'ap fè a epi revoke li nan djòb li nan Direksyon Jeneral.
- G. Fòmasyon.** Chak ane yo dwe fè fòmasyon pou manm ekip la ak elèv yo pou yo ka rasire yo tout kominote lekòl la konprann ki sa pèsekisyon, kidonk anbetman ye, epi ki konsekans li genyen.

---

## Etap Elèv ka Suiv pou Pote Plent

---

### **Etap 1.**

Moun ki pote plent lan (yo rele l pleyan) gen swasant (60) jou apati dat ensidan an te rive a pou li fè plent lan.

### **Etap 2.**

Ou dwe itilize Fòm Plent sou Ekite a pou fè plent lan pa ekri (wè paj 15 nan Manyèl sa a) e fòk se paraf ou ki pou ladann

- a. Nan kèk ka, ou ka fè plent lan nan bouch. Si w fè plent lan nan bouch, ofisyèl sou Ekite ak Respè Prensip la dwe mete plent lan sou fòm ekri, e pleyan an dwe revize li epi siyen li pou li verifye sis a ki ekri yo kòrèk
- b. Yo kapab amande (revize) yon plent pou yo korije fot teknik, sa yo pa mete ladann, oswa pou klarifye oubyen pou ogmante akizasyon ki gen nan plent sa a. Yo kapab mande yon amandman (revizyon) nenpòt ki moman anvan yo fin fè ankèt yo.
- c. Moun ki pote plent lan kapab retire plent li an nenpòt ki moman.
- d. Distri a, san l pa bezwen konnen si plent lan konfòm oswa si l te fèt pa ekri ou non, ap mennen ankèt sou tout plent konsènan diskriminasyon oswa pèsekisyon.

### **Etap 3.**

Direktè a, sipèvizè a oswa sipèntandan an oswa reprezantan li, lè yo resevwa plent sou diskriminasyon oswa pèsekisyon an, yo dwe ekri w nan senk (5) jou ouvrab pou di w yo resevwa plent ou an.

### **Etap 4.**

Nan senk (5) jou ouvrab apre li fin avèti w yo resevwa plent ou an, anketè a pral fè entèvyou ak pleyan an pou pou li gen plis enfòmasyon, nan lide pou l fè limyè sou plent lan.

### **Etap 5.**

Lè yo resevwa plent lan, yo dwe mete moun yo pote plent kont li a okouran, ba l yon kopi plent lan, epi avèti li sou nenpòt entèferans (foure lòt moun, lòt koze) nan ankèt la, oswa nenpòt revanj li ta fè kont moun ki pote plent lan pral fè yo pran sanksyon kont li kòm sa dwa.

- a. Yo dwe bay moun yo akize a opòtinite, kidonk chans, pou l reponn plent lan. Li dwe voye repons sa a bay moun k'ap mennen ankèt la, oubyen li di li nan bouch oswa li voye yon repons ekri.
- b. Moun k'ap mennen ankèt la dwe anrejistre imediatman repons nan bouch yo, epi moun yo pote plent kont li a dwe siyen repons sa a pou lè li fin verifye si sa ki di yo kòrèk.

### **Etap 6.**

Ofisyèl sou Ekite ak Respè Prensip la, nan nivo sa a, kapab enfòm li sou p ent lan pou wè si yo ka rezoud pwoblèm nan.

- a. Si pleyan an dakò pou yon rezoud pwoblèm nan anvan y' ale pi devan ak ankèt la, ofisyèl Ekite ak Respè Prensip la pral koumanse chita pale sou jwenn yon solisyon.
- b. Si yo pa ka jwenn yon solisyon akseptab nan trant (30) jou, yo dwe pouse pou pi devan ak ankèt sou plent sa a.

### **Etap 7.**

Si ankèt la rive pi lwen, nan trant (30) jou apre plent lan fin depoze, ankèt la pral gen ladann men pa sèlman:

- a. fè ankèt sou tout sa ni moun ki pote plent lan ni akize a di
- b. poze temwen keksyon, tankou moun k'ap travay menm kote a ak sipèvizè
- c. pran deklarasyon nan men temwen ak lòt moun ki ka bay bon jan enfòmasyon sou ka a.

Lè ankèt la fin mennen, anketè yo pral bay moun ki depoze plent lan yon desizyon final ekri ki genyen rezime sa yo jwenn nan ankèt la, y'ap bay ni moun ki pote plent lan ni akize a detay ak konklizyon ankèt la.

#### **Etap 8.**

Pleyan an kapab mande pou yon sibtitit nan nivo ofisyèl Ekite ak Respè Prensil la pou evize plent lan, pandan li avèti Sipèentandan an nan lespas 5 jou ouvrab, apre li fin resevwa rapò final la.

#### **Etap 9.**

Nan kenz (15) jou apre l fin resevwa demand pou fè revisiòn plent lan, sibtitit ofisyèl la pral bay pleyan ana k akize a yon desizyon ekri, swa pou kite sa oubyen pou pran mezi disiplinè kont moun ki koupab la.

#### **Etap 10.**

Lè gen yon akizasyon ki fonde (yon akizasyon ki vre) kon yon anplwaye Direksyon Jeneral la, yo dwe pran sanksyon kont anplwaye sa a, selon regleman yo, tankou men se pa sa sèlman:

- a. avètisman,
- b. sispansyon, oswa
- c. revokasyon.

#### **Etap 11.**

Lè gen akizasyon ki fonde kont yon elèv, yo dwe pran sanksyon kont elèv sa a, tankou sispansyon oswa mete l deyò, dapre regleman **Kòd Konduit Elèv yo**.

#### **Etap 12.**

Yo entèdi revanj kont moun ki pote plent oswa kont moun ki bay enfòmasyon konsènan plent.

#### **Etap 13.**

Lè pleyan an itilize mwayen sa a pou pote plent, sa pa dwe entèdi li chache rekou nan lòt Eta/oswa rekou federal.

#### **Etap 14.**

Pleyan an ak akize a gen dwa pou yo gade enfòmasyon yo sekre, dapre regleman legal Direksyon Jeneral la, e dapre nesite pou Mennen ankèt sou akizasyon konduit deregle kit e genyen an, e pou pran sanksyon lè bagay sa a te fèt vre.

REMAK: Ou ka fè kopi Fòm pou pote Plent sou Ekite a nan paj 15 Manyèl sa a

---

## Demach pou Anplwaye Pote Plent

---

### Etap 1.

Moun k'ap pote plent lan (yo rele l pleyan) gen swasant (60) jou apati dat ensidan an ter rive pou li fè plent lan.

### Etap 2.

Pleyan an dwe itilize Fòm Plent sou Ekite a pou li fè plent lan pa ekri (wè paj 15 Manyèl sa a) e lid we pote paraf pleyan an.

- a. Nan kèk ka, ou ka fè plent lan nan bouch. Si w fè plent lan nan bouch, ofisyèl sou Ekite ak Respè Prensip la dwe mete plent lan sou fòm ekri, e pleyan an dwe revize li epi siyen li pou li verifye sis a ki ekri yo.
- b. Yo kapab amande yon plent pou yo korije fot teknik ladann, sa kip a di, oswa pou klarifye oswa ogmante akizasyon ki ladann. Ou ka fè yon chanjman ladann nenpòt ki lè anvan yo fini ak ankèt la.
- c. Pleyan an kapab wetire plent li an nenpòt ki moman.
- d. Distri a ap Mennen ankèt sou tout plent konsènan diskriminasyon oswa pèsekisyon, san l pa bezwen konnen fòm plent lan, oswa si se yon plent ekri ou non.

### Step 3.

Lè direktè a, sipèvizè a oswa reprezantan li resevwa plent sou diskriminasyon oswa pèsekisyon, yo dwe voye resi ki di yo resevwa li bay pleyan nan senk (5) jou ouvrab.

### Step 4.

Nan senk (5) jou ouvrab lè l fin voye resi li resevwa plent lan, anketè a pral fè entèvyou ak pleyan an pou l jwenn plis enfòmasyon li bezwen pouf è limyè sou plent lan.

### Step 5.

Lè yo resevwa plent lan, yo dwe avèti moun ki akize a (yo rele l akize), ba li yon kopi plent lan, avèti l pou l pa mete okenn entèferans nan ankèt la oswa pou l pa fè revanj sou moun ki depoze plent lan, sa ki ka fè yo pran sanksyon disiplinè kont li.

- a. Akize a ap gen chans pou l reponn akizasyon yo mete sou do li a. Li dwe fè repons sa a bay anketè a, ou byen nan bouch oswa pa ekri.
- b. Anketè a pral anrejistre repons nan bouch yo imediatman e fè pleyan an siyen li pou li verifye si li kòrèk.

### Step 6.

Ofisyèl sou Ekite ak Respè Prensip la, kapab enfòm li soup lent lan pou wè si yo ka rezoud pwoblèm nan.

- a. Si pleyan an dakò pou yon rezolisyon plent lan anvan yo ale pi devan ak investigasyon an, ofisyèl Ekite ak Respè Prensip la pral koumanse chita pale sou jwenn yon solisyon.
- b. Si yo pa ka jwenn yon solisyon akseptab nan trant (30) jou, yo dwe pouse pou pi devan ak ankèt sou plent sa a.

### Etap 7.

Si ankèt la dire plis, nan trant (30) jou apre yo te resevwa premye plent lan, ankèt la dwe genyen, men se pa sa selman:

- a. Fè investigasyon sou tout akizasyon ni pleyan ni akize fè,
- b. Poze nenpòt moun ki te temwen keksyon, tankou lòt anplwaye ak sipèvizè,

- c. Pran deklarasyon nan men temwen epi nan men lòt moun ki kapab bay enfòmasyon valab kòrèk.

Lè ankèt la fini, anketè a dwe bay pleyan an ak akize a yon rapò final ekri sou plent lan k'ap gen ladann yon rezime sa li jwenn nan ankèt la, yon analiz ak konklizyon ankèt la.

#### **Step 8.**

Pleyan an kapab mande pou yon sibtilite nan nivo ofisyèl Ekite ak Respè Prensip la pou revize plent lan, pandan li avèti Sipèentandan an nan lespas 5 jou ouvrab, apre li fin resevwa rapò final la.

#### **Etap 9.**

Nan kenz (15) jou apre l fin resevwa demand pou fè revizyon plent lan, sibtilite ofisyèl la pral bay pleyan an ak akize a yon desizyon ekri, swa pou kite sa oubyen pou pran mezi disiplinè kont moun ki koupab la.

#### **Etap 10.**

Lè genyen yon akizasyon ki gen fon (yon akizasyon ki vre) kont yon anplwaye Direksyon Jeneral la, yo dwe pran sanksyon kont anplwaye sa a dapre regleman yo, tankou, men se pa sa sèlman:

- a. Avètisman,
- b. sispansyon, oswa
- c. revokasyon.

#### **Etap 11.**

Lè gen yon akizasyon ki gen fon kont yon elèv, yo dwe bay elèv sa a sanksyon kont elèv sa a, tankou sispansyon/oswa mete l deyò, dapre regleman Kòd Konduit Elèv yo

#### **Etap 12.**

Yo entèdi revanj kont moun ki pote plent oswa kont moun ki bay enfòmasyon konsènan plent lan.

#### **Etap 13.**

Lè pleyan an itilize mwayen sa a pou pote plent, sa pa dwe ent di li chache rekou nan lòt Eta/oswa rekou federal.

#### **Etap 14.**

Dwa pou gade sekre, moun ki pote plent lan ak akize a, ap respekte, dapre regleman legal Direksyon Jeneral Lekòl la, e dapre nesosite pou Mennen ankèt sou akizasyon yo pote sou konpòtman deregle, e pou yo kapab pran sanksyon lè akizasyon say o fonde. Distri a dwe pran responsablite l pou li anpeche epi korije vyolasyon k'ap fèt sou diskriminasyon ak pèsèkisyon.

REMAK: Ou ka fè kopi fòm pou pote Plent sou Ekite a nan paj 15 Manyèl sa a.

---

## Direksyon Jeneral Lekòl nan Depatman Polk

---

### Fòm pou Pote Plent sou Tretman Egal Ego (Se moun k'ap pote Plent lan ki pou Ranpli li)

---

Non Ofisyèl ki resevwa Plent lan: \_\_\_\_\_

Dat Plent lan fèt: \_\_\_\_\_ Lekòl/Depatman kote sa pase a: \_\_\_\_\_

Non Moun ki pote Plent lan: \_\_\_\_\_ Mwen se:  lèw  Anplwaye

Adrès Moun ki fè Plent lan: \_\_\_\_\_

Ki Dat sa yo di a te fèt: \_\_\_\_\_ Nimewo Telefòn ou: \_\_\_\_\_

Ki moun ou te ede w ak plent sa a? \_\_\_\_\_

Bay yon eksplikasyon kout sou plent ou an: \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

Te gen temwen?  Wi  Non Si wi, bay non li oswa non yo: \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

Gen kopi temwen an ladan plent lan?  Wi  Non

Solisyon out e chache: \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_  
Paraf Pleyan an

\_\_\_\_\_  
Dat

Se Direktè a/Administratè a/Ofisyèl sou Ekite ak Respè Prensip ki pou ranpli pati sa a: Kouman ka sa a te rezoud?

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_  
Paraf Administratè a

\_\_\_\_\_  
Dat

**Voye Kopi Fòm Plent lan bay:**

Patricia W. Hunter

Ofisyèl sou Ekite ak Respè Prensip

1915 South Floral Avenue

P. O. Box 391

Bartow, FL 33831

Telefòn: 863-534-0513 Fax: 863-534-0737

E-mail: [patricia.hunter@polk-fl.net](mailto:patricia.hunter@polk-fl.net)